## BASLAWÍSH KLASSLARDA MUZÍKA PÁNIN OQÍTÍWDA INTERAKTIV METODLARDAN PAYDALAÍW

**S.M.Tajetdinova –** *docent*
**G.J.Axetova –** *magistrant*
*Ajiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

**Tayanch so'zlar**: musiqa, diktant, dinamik belgilar, forte, piano, mecco piano, mecco forte, pianissimo, fortissimo, diminuendo, kreshendo.

**Ключевые слова**: музыка, диктант, динамические оттенки, форте, пиано, меццо пиано, меццо форте, пианиссимо, фортиссимо, диминуэндо, крещендо.

**Key words**: music, dictation, dynamic symbols, forte, piano, mezzo piano, mezzo forte, pianissimo, fortissimo, diminuendo, crescendo.

Ulıwma bilim beriw mekteplerinde «Muzıka» pánin oqıtıw boyınsha bir qansha pedagog ilimpazlardıń ilimiy izertlewleri tiykarında jaratılǵan miynetlerinde кompozitorlar B.Asafev, D.Kabalevskiy, psixolog B.Teplov, muzıkashı – pedagoglar L.Barenboym, N.Vetlugina, K.Rolovskaya, A.Xodkova mektep hám mektep jasına shekemgi balaladıń muzıkanı eslep qalıw hám dóretiwshilik qábiletin rawajlandırıw usılların, ózleriniń ilimiy jumıslarında is tájiriybe juwmaqları tiykarında belgilep berdi. Búgingi kúnde úziliksiz bilimlendiriw sistemasına jańa innovacyalıq qatnas jasaw tiykarǵı máseleleren biri bolıp esaplanadı. Muzıka táliminde diktant alıw usılı «Solfedjio» pánin oqıtıwda baslanǵısh hám joqarı muzıka táliminde de qollanıladı. Biz bul usıldı ulıwma bilim beretuǵın mekteplerde «Muzıka» pánin oqıtıwda qollanıwdı óz tájiriybe sınaw jumıslarında sınap kórdik hám nátijesin anıqladıq.

«Diktant» latınsha «dicto» sózinen alınǵan bolıp, «aytıp turıw» degen mánisti bildiredi. «Diktant» bul til úyreniw processinde oqıwshılardıń kónlikpelerin bekkemlew hám bilimin tekseriw maqsetinde tuwrı, qátesiz jazıwǵa úyretiwdiń bir túri [1:391].

Baslawısh klasslarda «Muzıka» pánin oqıtıwda muzıka sawatı bóliminde dinamikalıq belgilerdi úyreniwde eń qolaylı interaktiv usıllardıń biri «diktant» usılı bolıp tabıladı. Muzıka sabaǵında ótilgen tema boyınsha ózlestirgen bilim dárejesin anıqlaw yamasa tekseriw ushın hár qıylı temadaǵı muzıkalıq diktantlar ótkeriwge boladı. Mısalı: «Muzıka» pániniń muzıka sawatı bóliminde «Dinamikalıq belgiler» degen atamadaǵı temanı ótiwde, bul belgiler haqqında mektep oqıwshılarına túsinikler beriw ushın kórgizbeli túrde tekstli, sanlı hám háripli diktant usıllarınan paydalansaq maqsetke muwapıq boladı.

*«Tekstli diktant» usılı.* 3 - klassta ótiletuǵın «Muzıkadaǵı dinamikalıq belgiler» temasına tekstli diktant dúziw qaǵıydaları: temanıń mazmunı boyınsha tekst dúzilip, tekste geypara sózlerdiń ornına kóp noqat qoyıladı; tayarlanǵan tarqatpa materialdı oqıwshılarǵa tarqatıp, noqatlardıń ornına tiyisli sózlerdi jazıw kerekligin túsidiremiz.

**Tema: «Muzıkadaǵı dinamikalıq belgiler»**

Kompozitor qandayda bir muzıka shıǵarmaların dóretkende olardıń jazılıw tempine, tonallıǵına, mazmunına qarap belgili bir bólimleriniń kúshli yamasa kúshsiz atqarılıwın arnawlı dinamikalıq belgiler menen kórsetedi. Bul belgiler shıǵarmanıń mazmunın túsiniwge, xarakterin belgilewge, jaǵımlı, unamlı esitiliwine járdem beredi.

Muzıkada bul belgiler «…….. ………» dep ataladı. Tómende dinamikalıq belgiler kórsetilgen. Mısalı: ***f*** (forte) – ………; ***p*** (piano) – …….. , ***mf*** (mecco forte) – ………….. , ***mp*** (mecco piano) – ………...; ***pp*** – (pianissimo) – ………..; ***ff –*** (fortessimo) – ………..

Endi seslerdi áste-aqırın kúsheyttirip hám páseyttirip barıwshı belgiler menen tanısamız:



bul belgi seslerdi áste-aqırın kúsheyttirip barıw belgisi, ol «….» dep ataladı.



bul belgi seslerdi áste-aqırın páseyttirip barıw belgisi, ol «…......» dep ataladı.

*Juwabı:* dinamikalıq belgiler; kúshli; kúshsiz; ortasha kúshli; ortasha kúshsiz; júdá kúshsiz; júdá kúshli; kreshendo; diminuendo.

*«Sanlı diktant» usılı.* Bul usılda oqıwshılarǵa dáslep tapsırma beriledi. Berilgen tapsırmada dinamikalıq belgiler keltirilgen sanlardı tańlaw kerek boladı.

Tapsırma: dinamikalıq belgiler jazılǵan sanlardı tańlań.

1. Forte; 2. Bemol; 3. Diez;4. Piano; 5. Mecco piano; 6. Pianissimo; 7. Mecco forte; 8. Diminuendo; 9. Kreshendo; 10. Fortessimo;

*Juwabı:* 1; 4; 5; 6; 7; 8; 9; 10.

Sanlı diktant usılında tapsırmada berilgen dinamikalıq belgilerdiń anıqlamaları durıs keltirilgen sanlardı tańlap alıwı kerek.

1. Forte – qattı, kúshli;
2. Bemol –sesti yarım ton yaǵnıy yarım basqısh joqarı tómenletiwdi bildiretuǵın dinamikalıq belgi;
3. Diez – sesti yarım ton yaǵnıy yarım basqısh joqarı kóteriwdi bildiretuǵın dinamikalıq belgi;
4. Piano – áste, kúshsiz;
5. Mecco piano – otasha kúshsiz, dım áste emes;
6. Pianissimo – júdá kúshsiz, júdá ásten;
7. Mecco forte – ortasha kúshsiz;
8. Diminuendo – seslerdi áste – aqırın páseyttirip barıwshı dinamikalıq belgi;
9. Fortessimo – júdá kúshli, júdá qattı;
10. Kreshendo – seslerdi áste – aqırın kúsheyttirip barıwshı dinamikalıq belgi [4:51].

*Juwabı:* 1; 4; 5; 6; 7; 8; 9; 10.

*«Hári̇pli diktant» usılı.* «Háripli diktant» usılı aralas sorawlar toplamınan ibarat bolǵan variant túri esaplanadı. Bul usıldı qollanıw shárti:

1) Oqıtıwshı sorawlardı oqıydı.
2) Oqıwshılar berilgen soraw juwabınıń tek birinshi háribin jazadı.
3) Eger oqıwshılar juwaplardı durıs tapqan bolsa, onda usı háripler izbe - izliginen eń baslı tayanısh sorawınıń juwabı kelip shıǵadı.

Baslı soraw: Kompozitorlar qanday da bir muzıka shıǵarmaların dóretkende olardıń belgili bir bólimleriniń kúshli yamasa kúshsiz atqarılıwın arnawlı dinamikalıq belgiler menen kórsetedi. Bul belgiler shıǵarmanıń mazmunın súwretleydi hám jaǵımlı, unamlı esitiliwin támiyinleydi [4:54].

Soraw: Bul qanday muzıkalıq belgiler?

N – muzıkada muzıkalıq seslerdiń belgileniwi *(nota)* [2:28];

A – eki hám onnan kóp bolǵan atqarıwshılar jámááti (*ansambl);*

I – eki ses aralıǵı (*interval*);

M – kórkem ónerdiń bir túri (*muzıka*) [3:28];

A – muzıkalıq seslerdiń bálentligin belgili basqıshqa yarım tonǵa kóteriw yamasa tómenletiw ushın qollanılatuǵın belgiler (*alteraciya belgileri*);

D – sesti yarım ton yaǵnıy yarım basqısh joqarı kóteriwdi bildiretuǵın alteraciya belgisi (*diez*) [4:57];

K – tórt adamnıń atqarıwındaǵı ansambl (*kvartet*);

I – dawıstıń bálentli, pásli bolıp shıǵıwı (*intonaciya)* [5:37];

Berilgen sorawlardıń juwaplarınıń birinshi háriplerinen DINAMIKA sózi kelip shıǵadı.

Juwmaqlap aytqanda ulıwma bilim beretuǵın mekteplerde «Muzıka» pánin baslawısh klasslardı oqıtıwda «diktant» usılın oqıwshılardıń ótilgen taza temanı ózlestiriwdi bekkemlew bóliminde qollanıwdı usınıs etemiz. Usınday interaktiv metodlar baslawısh klass oqıwshılarına «Muzıka» pánini oqıtıwda qollanılsa sabaq nátiyjeli sıpat kórsetkishlerine iye boladı.

**Ádebiyatlar**


1. Ожегов С.И., Шведова Н.Ю. Толковый словарь русского языка. –Москва: «Темп», 2013. –С. 391.
2. Nurmatov X., Norxójaev N., Amaniyazov Ǵ. Muzıka. 1-klass ushın sabaqlıq. –Tashkent: “Ǵafur Ǵulam”, 2019. 20-b.
3. Nurmatov X., Norxójaev N., Amaniyazov Ǵ. Muzıka. 2 – klass ushın sabaqlıq. –Tashkent: “Ǵafur Ǵulam”, 2018. 28-b.
4. Nurmatov X., Norxójaev N., Amaniyazov Ǵ., Tajetdinova. Muzıka. 3 – klass ushın sabaqlıq. –Tashkent: “Ǵafur Ǵulam”. 2019.
5. Штейнпресс Б., Ямольский И. Музыка ҳәўескериниң қысқаша сөзлиги. –Нукус: «Қарақалпақстан». 1983.



**REZYUME**

Bu maqolada boshlanģich sinflarda «Musiqa» fanini o‘qitishda qo‘llaniladigan «diktant» usuli haqida so‘z yaritiladi. Dinamik belgilarni o‘rganishda matnli, sonli va harfli diktant usullarini tatbiq qilish qoidalariga to‘xtalgan.

**РЕЗЮМЕ**

В данной статье говорится о методе «диктант», применяемый в обучении музыке в начальных классах. Рассмотрены правила применения текстовых, числовых и буквенных методов диктанта при изучении динамических оттенков.

**SUMMARY**

This article comprises data about the «dictation» method used in teaching music in primary school. The study of dynamic symbols focuses on the rules of application of textual, numerical and alphabetic dictation methods.


## KÓPLIKLER TEORIYASÍNÍŃ BAZÍ BIR QOLLANÍLÍWLARÍ


**S.A.Tanirbergenov** *-docent*

**Z.İ.Berdieva**- *magistrant*

*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*



**Tayanch sózlar:** to‘plam, birikma, kesishma, ma’lumotlar tarkibi, takroriy elementlar.

**Ключевые слова**: сборник, объединение, пересечение, структура данных, повторный элемент.

**Key words**: collection, union, intersection, data structure, repeated items.


Bul jerde zárúrlik tárepinen ulıwmalıqqa iye bolıwı menen bir qatarda ámelde júda áhmiyetli bolǵan maǵlıwmatlar sisteması haqqındaǵı máselelerdi kórip ótemiz. Bular mektep matematika kursında engizilip atırǵan køplikler teoriyasınıń elementleri haqqında boladı.

Kópliklerdiń dúzilisin analiz qılıwdan aldın olar haqqındaǵı dáslepki túsiniktı mektep oqıwshılarına ápiwayı tilde jetkerip beriwge háreket etemiz.

Kóplik degenimiz- bul matematikanıń dáslepki túsinikleriniń biri bolıp, onı mısallar járdeminde oqıwshılarǵa jetkeriw maqsetke muwapıq. Máselen, berilgen noqattan ótiwshi tuwrı sızıqlar toparın, sport jarıslarında jaqsı orınlardı iyelep júrgen mekteptegi oqıwshılar toparın kóplik dep túsinemiz. Kóplikti qálegen tábiyatlı ob’ektlerden turadı dep túsinemiz. Ulıwma alǵanda erikli tábiyatqa iye nárselerdiń, shamalardıń, zatlardıń, ob’ektlerdiń qandayda bir belgi boyınsha birikken bir pútin bólegin kóplik dep aytıwımızǵa boladı.

Kóplikler tábiyatı jaǵınan ulıwmalıq qásiyetke iye bolǵanlıqtan olar ústinde orınlanatuǵın ámeller mektepte Venn diagramması arqalı túsindiriledi[1]. Sebebi kóplikler teoriyası haqqındaǵı túsiniklerdi anıq ózlestirip alıwda Venn diagramması jaqsı baza bolıp xızmet etedi. Sonıń menen birge ol arqalı quramalı nárselerdi ańsat túsinip alıwımızǵa járdem beredi. Kópliklerdiń bir-biri menen qatnası bul diagrammada jaqsı súwretlengenlikten kóplikler teoriyasın oqıwshılardıń sanasına jetkeriw ańsat boladı.

Kóplik-bul tákirarlanatuǵın elementlerge iye bolmaǵan, tártiplenbegen jıyındıdan basqa nárse emes. Usı anıqlamada úsh áhmiyetli sóz bar: «tártiplenbegen», «tákirarlanǵan» hám «elementler». Bul sózler kópliktiń áhmiyetin hám dúzilisin anıq jetkeredi. Eger bul sózlerdi itibarǵa alsaq, onda bular boyınsha berilgen maǵlıwmatlar dúzilisiniń qanday bolıwın bilip alıwǵa háreket etemiz. Keliń, eki kóplikti kórip shıǵayıq. Birewi oqıwshınıń oqıǵan kitapları, al ekinshisi onıń úyindegi kitapları.

**Barlıq kitaplar**




Bul jerde kóplikler kesilisedi. Sonday-aq eki kóplik-insan oqıǵan kitaplar hám onda bar bolǵan kitaplar-basqa kóplik ishinde de bar ekenligin túsinesiz. Sebebi bul dúniyada bar bolǵan barlıq kıtaplar jıynaǵı da kóplikti dúzedi.

Biz qarap atırǵan kitaplar kópliginiń kórgizbeliligin payda etiwimiz ushın onı eki kóplikke bóliwińiz kerek. Qolaylılıq ushın oqıwshı oqıp shıqqan kitaplar kópligin X, oqıwshınıń úyindegi bar kitaplar kópligin Y dep belgileymiz. Sonda tómendegi kestege iye bolınadı:

| | |
|---|---|
| Oqıwshı oqıǵan kitaplar: X={Garri Poter, Qaraqalpaqlar, Edige, Tolıq kod, Algebra} | Oqıwshınıń úyinde bar kitaplar: Y={Alpamıs, Tánha ozińe málim sır, Qaraqalpaqnama, Tolıq kod, Algebra} |

Eki kóplik te hár túrli ájayıp obektler bolıp sanaladı. Bul kópliklerdiń hár birewiniń mánisleri hár qıylı. Máselen, X kópliktiń mánisi « oqıǵan kitaplar», al Y kópliktiń mánisi «úyinde bar kitaplar». Bul jerde sonnı túsiniwimiz kerek: «oqılǵan kitap úyinde bar bolmawı, al úyinde bar kitaptı oqıwshı oqımaǵan bolıwı múmkin». Bunnan basqa ob’ektlerdiń hesh qashan aldınan belgilengen tártibi bolmaydı.

X hám Y kópligi obektlerge júdá uqsas bolıp qalǵanlıǵın seziwińiz múmkin: olardıń ishindegi elementlerde (X hám Y kópliklerge tiyisli) olardı tártipke salıwǵa múmkinshilik beriwshi basqa elementler yámasa indeksler joq. Bul kópliklerde tákirarlanıwshı elementlerde